



Apre Yon Dyagnostik Kansè Kolorektal



Kansè kolorektal kòmanse nan kolon oswa rektòm, ki fè pati sistèm dijestif ou. Pandan dijesyon, kolon w absòbe dlo epi chanje manje ki pa dijere an dechè solid (poupou). Apati de la, poupou an estoke nan rektòm lan jiskaske li soti lè w al nan twalèt. Si yo te di w gen kansè kolorektal, ou te pwobableman deja fè kolonoskopi, lòt eskanè ak yon byopsi (yon tès ki pran kèk tisi pou verifye prezans kansè). Gen lòt tès ki te ka fèt sou selil kansè yo pou tcheke kèk pwoteyin ak chanjman jèn ke yo rele byomakè. Ou te ka fè lòt pwosedi tou pou w konnen si kansè a te pwopaje. Tès sa yo ede doktè w konnen ki tip kansè kolorektal ou genyen, ki stad li ye, ak ki tretman ki ta ka ede.

Tretman pou kansè kolorektal

Tretman w lan pral depann de tip ak stad kansè kolorektal ou an. Opsyon tretman w yo pral depann tou de rezulta tès sou selil kansè yo, sante w, ak preferans pèsonèl ou.

Yo itilize chiriji pou trete pifò kansè kolorektal yo. Sa enplike retire kansè a ansanm ak yon pati nan kolon ak rektòm nòmal la. Chiriji pou retire tout oswa yon pati nan kolon an rele yon kolektomi ak chiriji pou retire tout rektòm lan rele yon pwoktektomi.

Gen kèk moun ki fè chiriji ki pral bezwen yon stomi (kolostomi oswa ileyostomi) si gwo oswa ti entesten (trip) yo pa travay byen apre chiriji an. Yon stomi se yon ouvèti nan vant la pou pèmèt poupou soti nan kò a. Gen kèk moun ki bezwen stomi pou plizyè mwa (tanporè), pandan ke gen lòt ki pral gen stomi an pou tout rès vi yo (pèmanan).

Lòt tretman ka gen ladan radyasyon ak medikaman tankou chimyoterapi, terapi medikaman sible, oswa iminoterapi. Anpil fwa, plis pase yon tip tretman konn nesesè. Doktè w ap ede w deside ki tretman ki pi bon pou ou.

Asire w ke w mande:

- Ki objektif tretman an?
- Ki tip kansè kolorektal mwen genyen?
- Ki stad kansè kolorektal mwen an ye, e kisa sa vle di? Kisa rezulta tès byomakè yo te ye?
- Ki lòt bagay ou te aprann nan rezulta tès mwen yo? Èske m ap bezwen plis tès?
- Èske m ap bezwen fè chiriji? Èske yo ka retire kansè a konplètman?
- Èske m ap bezwen yon stomi? Pou konbyen tan m ap bezwen li? Kijan m pral pran swen l?
- Si stomi mwen an tanporè, kilè li pral envèse (retire) epi ki moun ki pral envèse li?
- Èske m ap bezwen fè tès jenetik?

A kisa pou m atann mwen anvan ak pandan tretman an

Ekip swen kansè w la pral eksplike w plan tretman w lan. Ekip sa a ka gen ladan diferan doktè, enfimyè, ak lòt pwofesyonèl swen sante, tou depann de tip tretman ou bezwen an. Si w bezwen chiriji, ou pral travay avèk chirijen w lan pou w konnen a kisa pou atann ou. Si w bezwen lòt tip tretman, doktè w oswa ekip swen kansè w lan pral eksplike kijan yo bay li, ede w prepare pou li, swiv kijan w ye, epi ede w ak nenpòt efè segondè. Ou ka gen pou fè tou kèk tès pou verifye efikasite tretman w lan.

Se pa tout moun k ap fè tretman ki pral gen menm efè segondè yo. Pa egzanp, efè segondè chiriji diferan de efè segondè chimyoterapi, terapi medikaman sible, iminoterapi, oswa tretman radyasyon. Epi moun kap resevwa menm tretman an ka gen efè segondè diferan.

Asire w ke w mande:

- Ki opsyon tretman mwen genyen? Kisa ou panse ki pi bon pou mwen e poukisa?
- Èske gen esè klinik pou kansè mwen an?
- Ki efè segondè m ka genyen, e ki sa m ka fè pou m evite yo?
- Kijan n ap fè konnen si tretman mache?
- Konbyen fwa m pral resevwa tretman? Konbyen tan li pral dire?
- Ki kote m prale pou m jwenn tretman? Èske m ap ka kondwi pou kont mwen?
- Èske m ap kapab kontinye fè aktivite m konn fè yo, tankou travay ak eggèsis?
- Èske tretman an pral afekte vi seksyèl mwen? Kijan ak pou konbyen tan? Kisa mwen ka fè pou m ede nan sa?

A kisa pou m atann mwen apre tretman an

Apre tretman, mande doktè kansè w pou yon rezime tretman ak plan swivi. Yo rele sa yon plan swen sivi. Doktè kansè w pral travay avèk medsen fanmi w oswa medsen tretan w pou ede jere efè segondè tretman an epi kontwole sante jeneral ou.

Ou pral gen pou fè tès regilye pou verifye si kansè w lan retounen, oswa si yon novo kansè te kòmanse nan yon lòt pati nan kò w. Pou kèk moun, kansè a ka pa disparèt konplètman. Yo ka kontinye resevwa tretman, epi tès yo pral toujou nesesè pou verifye efikasite li.

Ou ka fè fas ak chanjman nan kò w apre tretman. Chiriji ak lòt tretman ka chanje fason entesten ou travay. Ou ka gen pwoblèm seksyèl. Mande doktè w a kisa pou atann ou epi fè li konnen si ou gen nenpòt pwoblèm.

Moun ki te fè kansè kolorektal a risk pou yo genyen li ankò oswa fè kèk lòt tip kansè. Menm lè ou santi w byen apre ou fin fè tretman, li enpòtan pou mande ekip swen kansè w la yon kalandriye regilye pou fè tès swivi pou verifye si kansè kolorektal ou an retounen.

Asire w ke w mande:

- Ki kote mwen ka jwenn yon kopi rezime tretman mwen an ak yon plan swivi?
- Konbyen fwa map gen pou m wè ekip swen kansè mwen an?
- Kilè ak kijan mwen ta dwe kontakte yo?
- Èske m ap bezwen fè lòt tès pou m wè si kansè an retounen, oswa pou m verifye si gen pwoblèm ki lye ak tretman an?
- Èske m ap bezwen fè nenpòt tès depistaj, tankou yon mamogram, pou dekouvrir lòt kansè byen bonè?
- Èske gen efè segondè ki rive an reta oswa alontèm nan tretman ke mwen ta dwe siveye?
- Ki moun ki ka ede m ak stomi mwen an, si mwen gen youn?
- Ki kote mwen ka jwenn dosye medikal mwen yo?

Rete an sante

Asire w ke ou di doktè w oswa ekip swen kansè a si nenpòt efè segondè tretman pa ale oswa si ou gen nenpòt nouvo sentòm.

Gen bagay ou ka fè pou w rete an sante pandan ak apre tretman an. Pa fimen ka ede diminye chans ou pou fè yon lòt kansè. Lè w genyen epi kenbe yon gwochè nòmal, manje byen, rete aktif, e lè w evite bwè alkòl, sa ka ede w rete an sante epi redwi risk pou w fè yon nouvo kansè kolorektal oswa lòt kansè.

Jere emosyon w yo

Lè w gen kansè kolorektal sa ka fè w santi w pè, tris oswa strese. Li nòmal pou w santi emosyon sa yo, e gen fason pou ede w fè fas ak yo.

- Pa eseye jere emosyon w yo pou kont ou. Pale de emosyon w yo, kèlkeswa sa yo ye.
- Li NÒMAL pou santi w tris oswa deprime detanzantan, men fè ekip swen kansè w la konnen si w santi emosyon sa yo pandan plis pase kèk jou.
- Si doktè w di w sa NÒMAL, kontinye fè bagay ou renmen fè tankou pase tan deyò, ale nan sinema oswa evènman espòtif, oswa ale nan dine.
- Jwenn èd nan aktivite tankou fè manje oswa netwaye

Ou ka kontakte zanmi, fanmi, oswa lidè reliye oswa gwoup. Konsèy kapab ede tou. Gen kèk moun ki twouve sa itil pou pale ak lòt moun ki te pase pa menm eprèv yo. Yon gwoup sipò ka ofri sa. Di ekip swen kansè w lan kijan ou santi w. Yo ka ede w jwenn bon sipò.



Pou plis enfòmasyon ak sipò, vizite sit Entènèt Sosyete Kansè Ameriken (American Cancer Society) nan cancer.org/haitiancreole oswa rele nou nan **1-800-227-2345**. Nou la lè w bezwen nou.



©2025, American Cancer Society, Inc.
No. HAI083305 Rev. 3/25
bbb.org/charity

